# Нур

6+

ISSN 0207 - 6551

9

2015



БЕЩТОКЪУЭ Хьэбас

# IЭЛЫФБЕЙ





**А а**
Адэ-анэм хуэпщI нэмысырщ
ЗыгъэнаIуэр узищIысыр.

**Б б**
Бэджым сакъыу зэущэху
И хъым бадзэр илъэхъэху.

**В в**
Выр Iэщышхуэщ, угъурлыжьщ,
Угъурлыжьми – мымамыжь.

**Г г**
Грекхэм щхьэкIэ, «алыдж» жаIэ,
Грекхэм щIэныгъэшхуэ яIэщ.

**Гу гу**
Гужьыр эджызджурэщ зэрыкIуэр,
Ауэ Iэжьэр щабэрыкIуэщ.

**Гъ гъ**
Гъэгъа Iэджи губгъуэм итщ,
Гъэгъа псоми псэ яIутщ.

**Гъу гъу**
Гъуагъуэрщ пшынэр зэрыбауэр,
Темытыжмэ, бжы бэмпIауэ.

**Д д**
Дадэ дыщэщ, угъурлыщ,
Iэщ егъэхъу, дэгъэшхыр лы.

**Дж дж**
Джыдэр зыми хыумыупщIэ,
Адэ-анэм уемыупщIу.

**Дз дз**
Дзыдзэм и фэр ягъэлъапIэ,
Теплъэфыным пылъкъым псапэ.

**Е е**
Ер – бзаджагъэм и Iыхьлыщ,
Е зылэжьыр хоплъэ лъым.





### Ё ё
Ёлкэ щхъуантIэм папщIэ псэйщ
Къыщапсэлъыр Къэбэрдейм.

### Ж ж
Жэмыр гъэш къызэрыдитым
Иригуфlэну щlэтщ и нитlым.



### Жь жь
Жьынду пщацэ, щхьэ гъумыжь,
Укъэмыджэ, умыгубжь.

### З з
Зауэм зыри дыхуэмей.
Зауэм ещI дунейр фейцей.



### И и
Идар и къуэ Темрыкъуэ
Пщышхуэт, гъусэ пэж хуэныкъуэт.

### Й й
ЙокIыр Iугъуэр уэнжакъ лъагэм,
ЙокIри уэгум ныхобзахэ.



### К к
Кино Iэджи къагъэлъагъуэ,
Тхылъыращ – щIэныгъэ абгъуэр.



### Ку ку
Кулэ фIыуэ еджэ хъуащ,
ЕгъэджакIуэр къыщытхъуащ.

### КI кI
КIакIэу, кIакIэу къанжэ кIэхум
Къелъэтыхь, зимыгъэпсахуу.

### КIу кIу
КIуркIунаур сыт? Жьындущ.
Ящыщщ ари къуалэбзум.

### Къ къ
Къэбэрдейр зэхэзублар,
ЗэраIуатэмкIэ, Къэбардщ.

### Къу къу
КъуакIэбгъыкIэр – чыцэ защIэщ,
КъыщызыкIухьыфри мащIэщ.

### Кхъ кхъ
КхъапIэр фIыкъым – умыщхьэх,
Уи щхьэр хущIи къыхегъэх.



### Кхъу кхъу
КхъуейплъыжькIэрыщIэ зыхуащIа
Сабийм хъарзынэу зиужьащ.

*КЪАГЪЫРМЭС Борис*

# ІЭМАЛ

Етlуанэ классым щеджэ Мурат стlолым бгъэдэст, есэпымкlэ къурата унэ лэжьыгъэр ищlу. Абы и пащхьэ илъ тхылъымпlэ напэр апхуэдизкlэ зэхэтхыхьати, бжыгъэхэм зауэшхуэ щрагъэкlуэкlа фlэкl пщlэнтэкъым. Езы Мурати, дзэпщым ещхьу, гупсысэу щыст, и натlэм пщlэнтlэпсыр къыпхихуауэ. Зы бжыгъэм нэгъуэщl бжыгъэ хилъхьэрт, абы къыщlэкlам зыгуэр къыхихыжырт. Зэм «Ура!» – жиlэу къыщылъэтырт. Дауи, абы къикlыр унэ лэжьыгъэм щыщ гуэр ищlауэ арат.

Апхуэдэурэ зыкъомрэ еныкъуэкъуащ ар унэ лэжьыгъэм. Зыгуэрхэри ищlыфат, ауэ хуэмыщlу къэнаи щыlэт. Мурат къэрэндашрэ тхылъымпlэ напэрэ къещтэри унэм къыщlокl. Я гъунэгъу фызыжь Лэуэс джэдыкlэ ищэрейщи, абыхэ деж кlуауэ йоупщl:

– Нанэ, джэдыкlэ щэн фиlэ? Мамэ сыкъигъэкlуащ, къэщэху, жиlэри.

– Айэ, сиlэ, Мурат цlыкlу. Жыlэ, дапщэ узыхуейр?

Мурат тхылъымпlэ напэм йоплъри жеlэ:

– Джэд джэдыкlэ тlощl, бабыщ джэдыкlэ пщыкlутху, къаз джэдыкlэ пщыкlуий.

Лэуэс джэдыкlэхэр къыхибжыкlыурэ лъэныкъуэкlэ егъэтlылъ.

– Псори къыхэпха? – йоупщl абы Мурат. – Иджы бжыт, дапщэ хъурэ?

– Тхущlрэ щырэ, си щlалэ, – жеlэ Лэуэс.

– Иджы абы къыхэхыжыт къаз джэдыкlэ пщыкlуийр.

– Сыт щхьэкlэ-на? – жеlэ фызыжьым, мыарэзыуэ.

– Къаз джэдыкlэ дыхуейкъым, сыщыуэри бжесlащ.

Лэуэс къаз джэдыкlэхэр къыхехыж.

– Иджы дапщэ къэнэжар, нанэ? Зэ бжыжыт ущымыуэн щхьэкlэ.

– Щэщlрэ тхурэ. Мис, уи фlэщ мыхъум, уэри бжы.

Мурат тхылъымпlэ напэм зыгуэр иретхэри жеlэ:

– Нанэ, джэдыкlэхэр зэкlэ схьынкъым, ахъшэр къысщыгъупщащи, иужькlэ сыкъэкlуэнщ.

Мурат уэрамым къыдолъэдэж, гуфlэу:

– Ура! Си унэ лэжьыгъэр зы къэмынэу сщlащ.







*ЩЭРЭЛIОКЪУЭ Талъостэн*

# Фызыжьымрэ джэдымрэ

Зы джэд гуэрым махуэ къэс зы джэдыкIэ къикIэцIырт. Фызыжьым игу къэкIащ: «Нэхъри згъашхэм тIэкIу нэхъыбэ къикIэцIынщ», – жиIэри. Джэдыр хуабжьу игъашхэу хуежьащ. Арщхьэкiэ, пшэрыщэ хъури, кIэцIын щигъэтыжащ.

# Шывакъэжьрэ* бгъэмрэ

*(Таурыхъ)*

Шывакъэжьыр бгъэм елъэIуащ:

– Лъэтэкiэкiэ сыгъасэ, – жиIэри.

– Мы Iуэхум ухуейкъым, упымыхьэ, къокIункъым, – къыжриIащ бгъэм.

Арщхьэкiэ шывакъэжьыр лъаIуэрт. Бгъэм и лъэбжьанэмкIэ дрихьейщ ар лъагэуи, къридзыхыжащ. Шывакъэжьыр мывэм къытехуэри зэгуиудащ.





---

* Шывакъэжь – шылъэгу.

# ПЦIЫУПЭ

*(Таурыхъ)*



Зы щIалэ мэл игъэхъурт. ЦIыхухэр зэхуигъэжэсынути, «Дыгъужь! Дыгъужь!» – жиIэри кIиящ. ЦIыхухэр къызэхуэсхэри – пцIыуэ къыщIэкIащ. Апхуэдэурэ зэрэ-тIорэ цIыхухэр къигъэпцIащ. Иужьым пэжу дыгъужьыр мэлым къыхыхьэри зэтришхыхьащ, щIалэр кIийми къэбыл ямыщIыжу.

# БДЗЭЖЬЕЯЩЭМРЭ БДЗЭЖЬЕЙ ЦIЫКIУМРЭ

*(Шыпсэ)*

Бдзэжьеящэм къиубыдат бдзэжьей цIыкIу.

– Уа бдзэжьеящэ, псым сыхэутIыпщхьэж, – жиIащ бдзэжьей цIыкIум. – Плъагъурэ, сэ иджыри сыцIыкIущ, си сэбэп къокIынкъым. СутIыпщыж, ин сыхъум сыкъэбубыдыжынщи, нэхъ си сэбэп къокIынщ.

Бдзэжьеящэм жиIащ:

– Хэтми делэщ, файдэшхуэм щыгугъыу мащIэр зыIэщIэзыгъэкIыр.



# ХЬЭМРЭ И НЫБЖЬЫМРЭ

*(Шыпсэ)*

Хьэр лъэмыжым тету псым зэпрыкIырт, дзапэкIэ лы иIыгъыу. И ныбжьыр псым щыхилъагъуэм, нэгъуэщI хьэ лы ихьу фIэщIри, а лыр къытрихыну псым хэпкIащ. А лыр щыIэххэтэкъым, ауэ езым ейри псым фIихьащ. Апхуэдэу IэщIэмылъыIауэ хьэр къэнащ.

АБРЭДЖ Сафият,
*Адыгей усакІуэ*

# Джэду шырым и уэрэд

Джэду шырыр си пэшым къыщІохъэ,
Зысхуигъафlэу, си куэщІым къотІысхьэ.
Джэду шырыр згъэгушхуауэ, сопсалъэ,
Щабэ дыдэуи си Іэр дызолъэ.



ЩыхуиэгъэахъуэкІэ шэ хуабэ фалъэм,
И нэ цІыкІухэр щІиукъуанцІэу
къызоплъыр.
Къэдэхащlэу, къобзэйри си Іэм,
Уэрэд цІыкІу, сыхуэупсэу, жызоІэ.

Игу ирохъри, си уэрэд жыІэкІэр,
«МяуІ» къызжиІэурэ, ар хопщІэукІыр.



## Уздэщыlэр уэнэ, бажэ?



ЩІалэ цІыкІур ину маджэ,
– УздэщыІэр дэнэ, бажэ?
– Мэз кІыфІыжьым сэ сыщІэсщ,
ПсынщІэу, псынщІэу, си деж къэс!

КъэмыувыІэу блокІ зэманыр,
Сэ сызэхефыщІэ банэм!
Куэдрэ сызумыгъэжьэу, бажэ,
Ди адакъэр къызэтыжыт!

Сэ си Іуэхущ уимыгъэІущым,
Си хьэр мэзым къэзутІыпщым!
Бажэ, уи кІэм хуэсакъыж,
Ди адакъэр къызэтыж!

...ЩІалэм дауэ сыкъэпщІа?
КъэІури, бажэм кІэбгъу зищІащ.

*Къэбэрдеибзэм къизыгъэзэтІэсар*
***УЭРЭЗЕЙ Афликщ***

# ВАГЪУЭБЫН

Апхуэдэущ къэбэрдеибзэкlэ зэрыlур адыгейхэм «жъогъобын» жыхуаlэ псалъэр. А фlэщыгъэцlэр иlэщ Адыгейм 1988 гъэм къыщыщlэдзауэ нобэм къэсыху сабийхэм папщlэ къыщыдэкl журнал гъэщlэгъуэным. Ар мазищым зэ къыдокl икlи «Нур» журналым сыткlи и къуэшщ.

«Вагъуэбыныр» гъэнщlащ тхыгъэ удэзыхьэххэмкlэ. Мыбы итщ lуэрыlуатэм щыщ хъыбархэр, таурыхъхэр, шыпсэхэр, псалъэжьхэр, рассказ кlэщlхэр, усэхэр, хъыбарыщlэхэр. «Спортым и дунейр» топсэлъыхь ныбжьыщlэхэм я ехъулlэныгъэхэм. Ребусхэм, есэпым теухуа упщlэ узыгъэгупсысэхэм акъылыр ягъэжан.

Тхакlуэшхуэ Мэшбащlэ Исхьакъ зи унафэщlу къыдэкl «Вагъуэбыныр» Адыгейм и сабийхэм яфlэхьэлэмэту щlаджыкl. А журналым тхэну гупыж зыщl адыгэ ныбжьыщlэхэм папщlэ мыращ адресыр: 385000, г. Майкоп, ул. Крестьянская, 236, тел. 52-10-16.

Мы напэкlуэцlым итхэр «Вагъуэбыным» и мы гъэм 2-нэ къыдэкlыгъуэм къитхащ.





# ГушыIэ



Дадэжьыр и къуэрылъхум догушыlэ:

– Аскэр, еджапlэм уокlуэ, тlур тlукlэ къапщтэмэ, дапщэ зэрыхъур?

– Плlы! – Аскэр псынщlэу жэуап къетыж.

– Пэж дыдэщ, мэ абы папщlэ мы кlэнфетиплlыр.

– Эх, сщlагъамэ пщlы жысlэнти! – жеlэ Аскэр, и жэуапым хущlегъуэжауэ.

# Зымыгъэзэш



ЗЭХУЭМЫДЭУ ТХУ КЪЫХЭВГЪУАТЭ.









Футболист цӀэрыӀуэ Тихонов Андрей футболист ныбжьыщӀэхэр Мыекъуапэ щыӀущӀахэщ.

Уэрэдхэр дахэу зыгъэӀу **ШЫРЫНЭКЪУ Альбинэ** Россиепсо фестиваль-зэныкъуэкъу «Хрустальная снежинка-2015» жыхуиӀэм япэ увыпӀэ къыщихьащ.





**СУХОТЕНКО Андрей**, 3-нэ класс





**ПАСТУХОВЭ Марие**, 5-нэ класс



# АДЫГЭ МАХУЭГЪЭПС



## Бжьыхьэпэ мазэ (сентябрь)

1 – Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэр щагъэлъапІэ махуэ.

– Къэбэрдей-Балъкъэр къэралыгъуэм и махуэ.

– Налшык къалэр щагъэлъапІэ махуэ.

– ЩІэныгъэм и махуэ.



2 – Кхъухьлъатэзехуэ **КЪАНКЪУЭЩ Ахъмэдхъан** къыфІащащ Совет Союзым и ЛІыхъужь цІэ лъапІэр (1943 гъ.)

9 – Дахагъэм и Дунейпсо махуэ.





10 – Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ усакІуэ **ЩОДЖЭНЦІЫКІУ Адэм** къыщалъхуа махуэ.

– СССР-м и цІыхубэ егъэджакІуэ цІэ лъапІэр зэзыхьэ **КЪАНЩЫКЪУЕЙ Риммэ** къыщалъхуа махуэ.



15 – Къэбэрдей усакlуэ, егъэджакlуэ **КЪЭЖЭР Хьэмид** къыщалъхуа махуэ.



23 – Къэбэрдей-Балъкъэрым и цlыхубэ усакlуэ **ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер** къыщалъхуа махуэ.



17 – Адыгэ щlэныгъэлl, Истамбыл къыщыдэкlыу щыта «Гъуазэ» газетым и редактор **ЦIАГЪУЭ Нурий** къыщалъхуа махуэ.

20 – Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я Дунейпсо махуэ.

24 – Муслъымэнхэм ягъэлъапlэ къурмэн махуэ.

27 – Туризмэм и Дунейпсо махуэ.

28 – Адыгэ фащэ щрагъэлъапlэ махуэ.

30 – Абхъазхэм я текlуэныгъэр (1993 гъ.) щагъэлъапlэ махуэ



ЖАНЩЭРХЪ

# СПОРТ:



Шэджэм районым щыIэ уардэунэм щекIуэкIащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм самбэмкIэ и зэхьэзэхуэ. Абы дыщэ медалыр къыщихьащ Щауэ Азрэт.

Кавказ Ищхъэрэм и щIыпIэ псоми къикIа илъэс пщыкIутху-пщыкIух зи ныбжь бэнакIуэ 200-м щIигъу зэхьэзэхуэм хэтащ. Псом хуэмыдэу удэзыхьэх хъуащ килограмм 63-м нэс зи хьэлъагъхэм я зэпеуэр. Абы Щауэ Азрэт и хьэрхуэрэгъу псори щыхигъэщIащ. Нэрылъагъут тренерхэу Уэщхъун Баширрэ Пшынащ1э Муратрэ щIалэщIэм Iэзагъ ин зэрагъэгъуэтар.

Щауэм куэдкIэ зыкъыкIэрагъэхуакъым бэнакIуэ ныбжьыщIэхэу КIэбышэ Хьидрэ Джатэгъэжь Елдаррэ. Абыхэм жэз медалхэр зыIэрагъэхьащ

Мы зэхьэзэхуэм зэрыщытекIуам и фIыгъэкIэ Щауэ Азрэт иджы Москва кIуэнущ.

*Сурэтым:* Щауэ Азрэт Iэмал къегъэлъагъуэ.

## БАСКЕТБОЛ

Налшык къалэм и хьэблэхэм я зэпеуэ зэIуха баскетболымкIэ екIуэкIащ. Ар къызэрагъэпэщат Налшык администрацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым СпортымкIэ и министерствэмрэ.

«Нарт» хьэщIэщым и спорт утыкухэм щызэхуэсат Налшык и хьэблэ зэмылIэужьыгъуэхэм я щIалэ цIыкIухэм я гуп 20-рэ хъыдкэбэ цIыкIухэм я командэ

# ЗЭПЕУЭХЭР, ТЕКIУЭХЭР

18-рэ. Ахэр я ныбжь елъытауэ гупиплIу ягуэшыжащ.

Зэхьэзэхуэм кърихьэлIахэр гуащIэу зэныкъуэкъуащ. Псори хуейт текIуэныгъэр зыIэрагъэхьэну. Апхуэдэуи къэхъуащ – дэтхэнэми и узыншагъэм хигъэхъуауэ, саугъэт щхьэхуэхэр, дипломхэр, грамотэхэр къыхьауэ псори зэхуэарэзыуэ икIи ныбжьэгъуфIхэр зрагъэгъуэтауэ зэбгъэдэкIыжащ.




*Сурэтым:* баскетбол зэпеуэм хэтахэр.

## БЭНЭКIЭ ХУИТ

Мыпхуэдэ зэхьэзэхуэ зэIуха СпортымкIэ уардэунэм Налшык куэд щIакъым зэрыщекIуэкIрэ. Абы пашэныгъэр щаубыдащ Брамтэ (Вольнэ Аул) икIа ныбжьыщIэхэм.

Зэхьэзэхуэм и судья нэхъыщхьэт дунейпсо чемпион Бажэ Заудин, и къызэгъэпэщакIуэт КъБР-м спортымкIэ и министрым и къуэдзэ Хэжь Заур, бэнэкIэ хуитымкIэ олимп резервым и спортшколым и директор Щомахуэ Къэралбий сымэ.

Зэхьэзэхуэм наIуэ щыхъуащ я хьэлъагъ елъытауэ япэ увыпIэу нэхъыбэ къэзыхьа брамтэдэсхэм бжыпэр зэраубыдар. Абыхэм къакIэлъокIуэ Псыгуэнсу къикIахэр. Шэрэдж Ищхъэрэ щыщ бэнакIуэхэр ещанэщ.

Зэпеуэм щытекIуахэр ягъэсащ тренерхэу Амщокъуэ Мурат, Хъанычэхэ Сосльэнрэ Иналрэ, Ажий Исмахьил, Мэршэнкъул IIахьир, Мысыр Ильяс, Бэрэгъун Рашид, Бабыгуей Заур сымэ.

Саугъэт щхьэхуэхэр иратащ текIуэныгъэм нэхъ ерыщу щIэбэнам, бэнэкIэ нэхъ дахэ къэзыгъэлъэгъуам, Iэзагъ нэхъ лъагэ зыбгъэдэлъам, нэхъ псынщIэу текIуам, нэхъыщIэ дыдэм.



**ДЗЭМЫХЬ Алихъан** – сурэтыщӀ ныбжьыщӀэщ. Аушыджэр къуажэ, МКОУ СОШ, 3-нэ класс







ПхытӀыкӀ Юрэ, Мэз Аниуар сымэ я усэхэм цӀыкӀухэр дихьэхыу йоджэ. «Эльбрус» тхылъ тедзапӀэм къыщыдэкӀа абыхэм я тхылъхэр теухуащ сабийхэм я ӀуэхущӀафэхэм, псэущхьэхэм, джэдкъазхэм, къуалэбзухэм, дыкъззыухъуреихь дунейм.






# Хъиэпыр зи щIасэхум папщIэ

Наукэ зэпэщхьэхуэхэм (физикэм, химием, астрономием, географием икIи нэгъуэщIхэми) щIэныгъэлIхэм бжыгъэшхуэхэр куэдрэ къыщагъэсэбэпын хуей мэхъу. Псалъэм папщIэкIэ, ЩIыгу щхьэфэр зыхуэдизыр кВ. м 509 000 000 000 000. ЩIыгум и хьэлъагъщ тонн 6 000 000 000 000 000 000 000.

Мы къэтхьа бжыгъэшхуэхэм нэмыщIкIэ сытхэр щыIэ? Мыхэр пщIэн хуейщ:
1 000 000 000 биллион (миллиард),
1 000… (и кIэмкIи ноль 12) – триллион (кIэщIу зэратхыр $1•10^{12}$),
1 000… (ноль 15) – квадриллион ($1•10^{15}$),
1 000… (ноль 18) – квинтиллион ($1•10^{18}$),
1 000… (ноль 21) – секстиллион ($1•10^{21}$),
1 000… (ноль 24) – септиллион ($1•10^{27}$),
1 000… (ноль 27) – октиллион ($1•10^{27}$),
1 000… (ноль 30) – нониллион ($1•10^{30}$),
1 000… (ноль 33) – дециллион ($1•10^{33}$),
1 000… (ноль 36) – ундециллион ($1•10^{36}$),
1 000… (ноль 63) – вигинтиллион ($1•10^{63}$),

ИпэкIэ зи гугъу тщIахэу ЩIыгум ехьэлIауэ бжыгъэхэм дыкъеджэнщ:
6 000… (ноль 21) = $6•10^{21}$ – секстиллиони 6,
509 000… (ноль 12) = $509•10^{12}$ – триллион 509.

**АНДЫРХЪОЕ Хьэзэртал,**
Физикэ, математикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат.

(«Жъогъобын» журнал, № 2, 2003 гъ.)



*Ежемесячный литературно-художественный журнал для детей*

Издается
С 1 января 1982 года
№ 9 2015г.

Учредители:
Госком КБР по печати и массовым коммуникациям – издатель,
360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Общественная организация «Союз писателей КБР».

Главный редактор
**Б. ГЕДГАФОВ**

Редколлегия:
**А. БИЦУЕВ**
**Х. КАРМОКОВ**
**Ф. МАЛАЕВА**

Художественный редактор
**Е. ФАДЕЕВ**

Свидетельство о регистрации
№ ПИ № ТУ07–00103 от 24 декабря 2014 г. Управление Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по КБР.

Подписано к печати
27.09.2015г.
Выход в свет
30.09.2015

Формат 60x90 1/8
Бумага офсетная №1
Гарнитура ShoolBook, Arial Cyr
Печать офсетная
Усл.печ.л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2,7

Тираж 3000
В розницу – цена свободная
Заказ № 150
Индекс 73912

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
ул. Головко, 6
42-75-30, 42-17-53
nur46@mail.ru

Отпечатано
ООО «Тетраграф»
г. Нальчик, ул. Ленина, 33



**УЭРДЭЩ Камиллэ** Налшык 31-нэ школым щоджэ, 4-нэ классщ, хьэпlацlэщыгъэм тхыпхъэщlыпхъэ гъэщlэгъуэнхэр, хьэпшып цlыкlу зэмылlэужьыгъуэхэр къыхищlыкlыну фlэфl дыдэщ.

